

# 1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 8, 701-800

## EKRI


Lekti ak ekriti mache men nan lamèn. Toulede reprezante yon lang moun pale epi kominike enfòmasyon. Timoun ou yo kapab aprann kapasite pou li-anvan lè yo patisipe nan aktivite alekri tankou majigrìdi, fè desen epi ekri lèt yo. Kenbe papyè ak kreyon oubyen plim pou make sou yon tab kote timoun yo pa gen aksè.

### Liv ki Sipòte Ekriti:

- Liv ki bay fòm ekriti.
- Liv ak lèt ki ekri "alamèn"
- Liv alfabè yo



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 800 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

# Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

## **Ekri yon lèt ak yon zanmi ounyen yon manm nan fanmi ou.**

Timoun ou an kapab rakonte ou kisa pou ekri, ajoute yon tenm sou anvlop la epi ede pote l nan bwat postal la. Sa sipòte devlopman kapasite oral nan lang nan, vokabilè epi konsyans pou l li - konpreyansyon ke sa ki ekri yo gen siyifikasyon.

**Fè bonbon nan fòm lèt.** Sa se yon fason ki gou anpil pou devlope konsesans nan lèt - konpreyansyon lèt yo diferan ke nimewo yo epi yo gen son.

**Fè pratik.** Bay timoun ou opòtinite pou l chifonnen retay papye oubyen lèt fatra epi devlope dwèt li yo ak mis ki nan men l yo.

**Tras nan men.** Trase lèt yo ak fòm yo dèye men timoun ou an ak yon dwèt. Di non fòm nan oubyen lèt la pandan w ap trase. Pou timoun preskolè yo, mande yo pou fèmen je yo epi devine fòm oubyen lèt ou te trase a epi kite yo fè desen fòm yo sou men ou pandan w ap devine. Aktivite sa konstwi konesans lèt yo.

**Aprann nouvo mouvman men yo.** Mouvman men yo tankou "Ki Kote doulè nan dwèt pous ou a ye?" kite timoun piti yo pratike jan pou yo kowòdone mo yo ak mouvman dwèt yo.

Ki kote doulè nan dwèt pous ou a ye? Ki kote doulè nan dwèt pous ou a ye? (Kache men w dèye do w)

Men Mwen! Men Mwen! (Montre pous gòch ou, epi pous dwat ou)

Kijan ou santi ou jodiya, mesye? (Souke pous gòch ou)

Trè byen, m remèsye ou. (Souke pous dwat ou)

Kouri ale, kouri ale. Kache men gòch ou dèye do w, epi men dwat ou)

## **Konsèy pou lè ou okipe:**

Fè kat pou chak fòm, lèt ak nimewo pandan w ap itilize ti kat pou ekri oubyen kaye, epi kite timoun ou an trase liy fòm nan ak dwèt ou yo pandan ou okipe.

## **5 liv prefere m yo:**

---

---

---

---

---

